NON KLIYAN	NIMEWO IDANTITE ACES

Dwa ak responsablite w lè w ap resevwa sèvis administrasyon pou lavi nan kay ak kominote a ak administrasyon pou andikap devlopman yo ofri

Your Rights and Responsibilities When You Receive Services Offered by Home and Community Living Administration and Developmental Disabilities Administration

Sèvis ki disponib

Ou gen dwa pou chwazi nan sèvis ou elijib pou resevwa yo. Sèvis yo volontè. Sèvis a Home and Community Living Administration ak Developmental Disabilities Administration ka peye pou yo ka pa ede w ak tout bezwen w yo.

ALTSA ak DDA ofri sèvis:

- Fwaye familyal pou moun majè, etablisman lavi ki asiste, etablisman ki ofri sèvis ranfòse, etablisman swen enfimye, ICF/ID yo, fwaye avèk akonpayman, fanmi dakèy pou timoun, fwaye rezidansyèl agreye pou timoun ak ekip ankadreman; fwaye gwoup DDA, fwaye gwoup ki baze sou fòmasyon; OSWA
- Kay yon moun. **Nòt:** HCLA ak DDA pa bay sèvis swen pèsonèl 24 sou vennkat lakay yon moun. Si w bezwen swen 24 sou vennkat, yo ka konsidere lòt opsyon sèvis yo.

Nan dokiman sa a, **entèvenan** vle di moun k ap jere dosye ajans lokal pou vyeyisman yo, responsab resous dosye DSDA, enfimyè ki bay konsèy pou swen, konseye swen w, espesyalis sèvis sosyal oswa jesyon dosye nan etablisman swen enfimye (HCS).

Dwa w genyen yo

Ou gen dwa:

- Yo trete w avèk diyite, respè ak san diskriminasyon;
- Trete kay ou avèk respè;
- Travay an kolaborasyon avèk kowòdonatè dosye w nan planifikasyon swen w;
- Wap jwenn sèvis entèpretasyon gratis si w pa ka pale oswa konprann Anglè byen;
- Gen enfòmasyon sou ou nou kenbe prive nan limit lwa ak règleman DSHS yo;
- Ou pa oblije reponn kesyon yo oswa fè yon bagay ou pa vle;
- Yo dwe enfòme w sou tout sèvis yo ou kapab resevwa epi fè chwa sou sèvis ou vle oswa pa vle;
- Yo dwe enfòme w alekri sou desizyon ajans yo ak resevwa yon kopi nan plan swen w oswa yon rezime nan plan sipò;
- Refize tout sèvis yo;
- Chwazi, revoke oswa chanje yon founisè kalifye;
- Resevwa rezilta sou verifikasyon antesedan pou nenpòt founisè endividyèl ou chwazi;
- Pale avèk yon sipèvizè si oumenm ak Kowòdonatè dosye w pa dakò;
- Depoze yon plent oswa yon enkyetid nenpòt lè konsènan pèfòmans eta a oswa founisè swen an nan pwosesis planifikasyon swen w lan, plan swen w lan, sèvis yo, oswa nenpòt bagay ou pa satisfè nan kay ou ak nan anviwònman kominote a. Ou gen dwa depoze yon plent san yo pa fè reprezay sou ou. Ou ka voye yon plent oswa yon enkyetid lè w rele 1-800-737-0617, voye yon imel pou grievances@dshs.wa.gov, mande nenpòt manm ekip DDA oswa HCLA pou enfòmasyon sou fason pou w depoze yon plent;
- Mande yon odyans administrativ menmsi ou te depoze yon plent;
- Fè yon plent san ou pa pè reprezay menmsi ou te mande yon odyans administrativ;
- Pale avèk yon avoka lè ou rele 1-888-201-1014; epi
- Pa dwe abize, neglije, eksplwate finansyèman, oswa abandone. Pou yon deskripsyon tèm sa yo, ale sou https://www.dshs.wa.gov/altsa/home-and-community-services/types-and-signs-abuse. Si ou menm oswa yon moun ou konnen ap sibi abi, neglijans oswa eksplwatasyon, tanpri rele DSHS gratis nan nimewo sa a pou w 1-866 (End Harm) /1-866-363-4276 pale ak yon travayè sosyal ki ka ede w.

Barcode label

16172

NON KLIYAN	NIMEWO IDANTITE ACES

Responsablite w

Ou gen responsablite pou:

- Kite travayè dosye a konplete evalyasyon w omwen chak ane yon kote ki bon pou ou;
- Kite travayè dosye a egzamine anviwonman kote wap viv la omwen chak ane;
- Ban nou ase enfòmasyon pou nou ka konplete evalyasyon w lan epi ede w ak kowòdinasyon plan swen w lan;
- Enfòme travayè dosye w si yon lòt moun pran desizyon finansye oswa medikal pou ou;
- Patisipe nan devlopman swen w oswa plan sipò, epi siyen l;
- Reponn epi kominike avèk travayè sosyal ou a nan yon fason apwopriye;
- Chwazi pwòp swen sante w;
- Chwazi yon founisè kalifye;
- Kenbe verifikasyon antesedan founisè yo prive;
- Konprann founisè w pa kapab peye pou sèvis oswa èdtan yo ki pa otorize;
- Enfòme travayè dosye w si ou gen pwoblèm avèk founisè w oswa si ou pa resevwa èdtan yo founisè w te reklame;
- Peye founisè w chak mwa si ou te ede peye pou swen w;
- Bay yon espas travay ki an sekirite;
- Pa aji yon fason ki mete pèsonn an danje;
- Di travayè sosyal ou a anvan ou ale, si w ap vwayaje nan lòt eta ki pa Washington avèk founisè swen pèsonèl ou a; epi
- Enfòme travayè dosye w si gen yon chanjman nan:
  - ✓ Kondisyon medikal ou;
  - ✓ Èd ou jwenn nan men fanmi, zanmi, oswa lòt ajans;
  - ✓ Sitiyasyon finansye w;
  - ✓ Kote w ap resevwa swen w;
  - ✓ Kote w ap viv nan eta Washington; oubyen
  - ✓ Kay ou abite – ou gen plan pou demenaje, oubyen w ap viv nan lòt eta ki pa Washington.

Responsablite responsab dosye w

Kowòdonatè dosye w la responsab pou:

- Trete w avèk diyite ak respè;
- Kenbe konfidansyalite w;
- Di w sa HCLA ak DDA kapab fè pou ou, oubyen sa li pa kapab fè pou ou;
- Jwenn enfòmasyon nan men w ak lòt moun pou yon evalyasyon pou gade nivo asistans ak deside ki sèvis ou kapab chwazi.
  - ✓ Evalyasyon an ap gen ladan pwen fò w, limit, objektif, ak preferans yo.
  - ✓ Evalyasyon an ap gen ladan èd wap resevwa a oswa ou ka jwenn nan men fanmi oswa lòt ajans yo ak nan fason ou vle sèvis yo fèt;
- Ede w pou devlope yon plan swen oswa plan sipò ki adrese asistans avèk swen pèsonèl e li gen ladan objektif pèsonèl, preferans, ak chwa ou yo;
- Jwenn enfòmasyon nan men w ak lòt moun pou mete ajou plan swen w oswa plan sipò w chak ane oswa lè kondisyon yo chanje;
- Ba w ase tan pou bay enfòmasyon ki nesesè;
- Adrese pwoblèm yo avèk plan swen w oswa plan sipò lè yo rive;
- Respekte dwa w epi bay plis èd nan aksede sèvis yo si ou gen pwoblèm mantal, newolojik, sansoryèl, oswa fizik; ak
- Ede w jwenn yon founisè kalifye si ou pa ka jwenn youn.

Barcode label

16172

NON KLIYAN	NIMEWO IDANTITE ACES

Enstriksyon davans

Ou gen dwa pou fè direktiv davans. Direktiv davans ka gen ladan yon testaman lavi oswa yon pwokirasyon dirab pou swen sante w. Direktiv Davans rezime volonte w osijè swen sante mantal ak/oswa medikal, sa ki gen ladan dwa pou aksepte oswa refize tretman chirijikal oswa sante mantal, medikal, lè ou pa gen kapasite mantal pou pran desizyon sa yo. Ou kapab anile direktiv davans ou nan nenpòt kilè.

Sèvis enskripsyon moun k ap vote

Lwa Nasyonal 1993 sou Enskripsyon Votè mande pou tout eta yo bay asistans pou enskripsyon votè grasa biwo pou asistans piblik. Aplike pou enskri oswa refize pou enskri pou vote pap afekte sèvis oswa kantite lajan benefis ke ajans sa ka ba ou. Si ou ta bezwen èd pou ranpli fòm enskripsyon votè a, nap ede w. Desizyon w pou enskri oswa pou refize enskri ap rete konfidansyèl e nap itilize l sèlman pou rezon enskripsyon votè. Si ou kwè ke yon moun te entèfere avèk dwa w pou anrejistre oswa pou refize enskri pou vote, dwa ou genyen pou lavi prive nan deside keseswa ou non pou enskri, oswa pou pa enskri, oswa dwa pou chwazi pwòp pati politik ou oswa lòt preferans politik, ou ka depoze yon plent avèk:

Washington State Elections Office
PO Box 40229
Olympia WA 98504-0229
1-800-448-4881

Siyati w

Siyen pi ba a si w konprann dwa ak responsablite w yo epi ou konprann responsablite travayè sosyal ou a.

Siyati kliyan an	Dat
Siyati reprezantan legal	Dat

Avi pou kliyan ak anplwaye yo (Tit VI ak VII) Depatman Sèvis Sante ak Sosyal nan Eta Washington se yon konpayi ki bay opòtinite egal e li pa fè diskriminasyon nan okenn domèn travay, pwogram oswa sèvis li yo sou baz laj, sèks, oryantasyon seksyèl, sèks, idantite/ekspresyon seksyèl, estati matrimonyal, ras, kwayans, koulè, peyi yon moun soti, relijyon oswa kwayans, afilyasyon politik, estati militè, ansyen militè ki pa nan pòs li yon fason diy, Epòk Vietnam, pa twò lontan ki separe oswa lòt estati ansyen militè ki pwoteje, prezans nenpòt andikap sansoryèl, mantal, fizik oswa itilizasyon yon chen gid ki fòme oswa bèt ki pou sèvis pa mwayen yon moun ki gen yon andikap, egalite nan peman oswa enfòmasyon jenetik.

Barcode label

16172

Dwa ak responsablite w lè w ap resevwa sèvis administrasyon pou lavi nan kay ak kominote a ak administrasyon pou andikap devlopman yo ofri.

Enstriksyon pou travayè ki sou dosye a

1. Revize fòmilè a avèk kliyan an pou reponn nenpòt kesyon sou dwa ak responsablite kliyan an. Revize avèk kliyan an nan premye evalyasyon CARE la (oswa nan Chanjman Enpòtan/Anyèl la si fòmilè a pa siyen). Si gen yon vèsyon ajou nan yon fòmilè ki egziste, fè kliyan an siyen fòmilè ajou a. Dènye fòmilè dwa ak responsablite kliyan an, travayè sosyal la prezante epi kliyan an siyen, ranplase fòmilè yo te siyen anvan yo.
2. Fè kliyan an oswa reprezantan kliyan an siyen de kopi fòmilè a pou endike li konprann dwa ak responsablite kliyan an lè l ap resevwa sèvis yo ofri nan ome and Community Living Administration ak Developmental Disabilities Administration..
3. Klase yon kopi nan dosye elektwonik kliyan an epi bay kliyan an lòt kopi a.